ІИЙД-САХЬ ДІАЛО – ЦУЬНЦА Ю ДЕКЪАРЛО!


Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году


Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

…я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004. А.-Х. Кадыров

# Исламан зІаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла!
*Кадыров А.-Х.*

Арахеца долийна І990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября І990 года

zori_islama

zori islama

2017-чу шеран июнь беттан 22-гІа де
22 июнь 2017 год № 12 (389)


**БУСАЛБАНАШ! ВОВШИЙН ДЕЗАЛАШ. ВОВШАШНА ГІО ДЕЛАШ. БАККЪАЛ А ВОВШИЙН ВЕЖАРИЙ ХИЛАЛАШ.**
(Кунта-Хьаьжа)

## ДЕКЪАЛДАР



Вай Кхоьллинчу Дала бусалба нахана совгІат деш баийтина Мархийн бутт чекхболуш бу. Дала вай зен баийтина цхьа мур бу иза, де дехачу хенахь, йоькхана а, йочана а ца лоьруш, марха а багахь, мацаллина кийра а къуьйлуш, хьогаллина са а детташ, Шена хьастадаларца, Ша резаван вай мел кийча ду хьожуш. ХІокху мархийн баттахь бусалба наха Далла Ібадат дар, сагІанаш дахар алсамдаьккхина, Цунна хьастадаларца, Иза хьехош, еза буьйсанаш яйина, ницкъ кхачаран барамехь жамаІате гулдалар лардина, таравихь-ламазаш деш, кхидолу Іамал-Ібадат деш, Дала хьасталуш, Лайлатул-Къадри буьйса ларъеш, дІаоьху беттан тІаьххьара денош-буьйсанаш. Шен Сийлахь долчу Къуръана чохь вайн Дала уггаре а Сийлахь а, еза а лерина ю и буьйса. Билггал и буьйса муьлха ю хууш цахиларна, беттан тІаьхьара итт де-буьйса маьждигашкахь Дела хьехош йоккху бусалба наха. Рузбанан а, жамаІатан а маьждигашка дІалела могашалла йоцуш болчара нехан хІусамашкахь цхьаьнакхетарца, жамаІатехь Дела хьехош, Іамал еш денйо и еза буьйсанаш. АллахІ-Дала тІедехкина парзаш кхочушдарца, вайн сийлахь волчу Пайхамаран Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннаташ кхочушдарца бусалба нехан ойланаш кхин а цІанло, вовшашка йолу уьйр-марзо алсамйолу, иза Далла гергахь сийлахь дерг а, Цунна дезнарг а ду.

Бакъдолуш, хетало-кха, ма сиха чекхболуш бу-кха хІара мархийн бутт, шарахь шийтта баттах цхьайтта бутт мархийн беларкха, олий. Вайн Пайхамаран хьадис а ма ду: «Мархийн беттан дозалла шайна хиъча, динна шарахь и хилийтар доьхур ма дара бусалба наха», – аьлла. ТІаккха, ойла ел аша, ишттачу ойланехь волу бусалба стаг мел нийсачу новкъахь ву, иштта бусалбанаш вайн махкахь хилар мел доккха ниІмат ду. И марзо вайна еллачу АллахІ-Далла даима а хастамбеш хила деза вай, оцу ойланехь кхиа а, оцу марзоне кхача а вайна некъ охьабиллинчу вешан устазашна реза хила деза вай, уьш безарехь йолу марзо кхин а совъяккхар Деле доьхуш хила деза вай!

Бакъдерг ду иза, шен сица ийман долуш волчу стагана, оцу батта чохь марханаш кхобуш, Іамал-Ібадате вирзина, шен дегІан шайтІа эшийна волу стаг бІаьрга вайча, цуьнан юьхь-аматех бІаьрг ма кхийтти, цуьнца къамеле ца ваьлча а, хаало, иза марханаш кхобуш хилар, Далла гергахь цІена хилар.

Вайнехан хазачу, дикачу гІиллакхех гІиллакх ду цомгашчунна тІехІотта вахар. Дела реза хуьлда цунна, Турпал-Іелас аьлла ма ду, вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена 70 эзар малик хир ма ду цомгашчунна тІехІотта ваханчунна Деле гечдар доьхуш, нагахь Іуьйранна и ваханехь, сарралц, нагахь и сарахь ваханехь, Іуьйре хиллалц. Хьовсал шу, вежарий, йижарий, мел доккха ниІмат ду иза! Мархийн баттахь хьалхачул алсамдаьккхина леладо вайнаха иштта гІиллакх – цомгашниг волчу вахар, цунна маршалла дар Деле доьхуш, доІанаш дар. Ткъа иза кхин а алсам мел хир болуш, къинхетаме гІуллакх ду.

Вайна хууш дерг ду, сагІа далар деза дуьйцу Сийлахьчу Къуръан чохь. «Уггаре а деза сагІа муьлха ду аьлла, хьаттина хилла вайн Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Уггаре а деза сагІа мархийн баттахь делла сагІа ду». Оцу баттахь Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша а къаьсттина комаьрша хуьлуш хилла. Иза масал ма ду вайна а! Бакъдолуш, лела а до иза вайнаха, ницкъ кхачаран барамехь. Дала къобалдойла и сагІанаш массеран а!

Оццу хенахь Іожалла а ма ю лелаш. Масане вайн бусалба ваша, йиша, гергарниг Деле вирзи хІокху батта чохь! Багахь марханаш а долуш болчу вайн вежарша – бусалба наха – лардира тезеташ, дІакхелхинарш Деле боьхуш доІанаш а, зуькарш а дира, хІораннан а цІарах 70 эзарза «Ла илахІа илл-АллахІ» олуш, Делан цІе йоккхуш, махийца церан хІораннан а догІмаш Делера ийцира цара. Далла гергахь мел доккха а, меле а гІуллакх ду иза – бусалба вешин, йишин тезеташ лардар, уьш Деле боьхуш доІанаш дар, Іамалш яр!

Оцу баттахь массара а лайна хало а, хьегна къа а Дала меле яздойла! Йина Іамалш бахьанехь, кхана Къематан дийнахь, къай-меллий узуш, мелан терза совдоккхуш, вай декъалдеш, Кхоьллинчу АллахІа вай резадеш, мел язбойла! ТІейогІучу хенахь иштта марханаш лаца а, кхаба а, даста а вай Кхоьллинчу Дала могашалла а, ийман а лойла вайна! Массеран а марханаш Дала къобалдойла!

**Заурбеков МасІуд,**
**«Исламан зІаьнарш» редакцин тобанан цІарах**

# Марха къобалдойла, махкахой!

**ЛАРАМЕ ГАЗЕТДЕШАРХОЙ!**

Вай цхьаьна долчу кху ткъе ялх шарахь газетан хІора номерехь бусалба динан баххаш довзуьйтуш, тІарикъатан некъ буьйцуш, еза хенаш билгалъеш схьадогІу вай.

Дешархойн цІарах баркаллин кехат деача я ларамза гергарло тасаделлачу адамо вайн газет девза, цунах пайда оьцу аьлча доккха хазахетар хуьлу!

Кху сийлахьчу Рамадан баттахь газетан агІонаш тІехь оха довзийтина марха лацарх, марха кхабаран бакъонех, парзех, суннатех.

ХІара бутт берзош арайолучу кху номерехь довзуьйту шуна марха дастаран Іийдах, сахь-закат даларх, Іийдан ламаз дарх.

Дала къобалдойла вайн марханаш а, вайн Іамал-Ібадат а!

**Редколлеги**




# Искренность перевесила все

*Ахмад бин Мискийн рассказывал:*

В 219 году (по хиджре) я был испытан бедностью, и не было у нас ничего из еды, у меня была жена и ребенок.

Мы так голодали, что голод сворачивал наши желудки, я собрался и решил продать дом, и переехать.

И вот я вышел найти покупателя, по пути я встретил Абу-Насра и рассказал ему о своём намерении продать дом, он дал мне две хлебные лепешки, между которыми была халва, и велел накормить ими свою семью.

Я направился к себе домой и по пути встретил женщину с мальчиком, она посмотрела на лепешки и сказала: «О мой господин, этот ребенок голодный сирота, и нет у него сил терпеть голод, накорми его чем-нибудь, да смилостивится над тобой Аллах». И взглянул на меня ребенок глазами, которые мне никак не забыть. И в это мгновение мне показалось, что рай снизошел на землю, предлагая себя тому, кто накормит этого ребенка и его мать. И я отдал лепешку, что держал в руке, той женщине со словами: «Возьми и накорми своего ребенка! Клянусь Аллахом, что нет у меня ни еды, ни золота, и поистине в моем доме те, кто больше нуждаются в этой еде». И ее глаза прослезились, а лицо мальчика засияло.

И я ушел озабоченный, присел у стены и размышлял о продаже дома, и снова подошел Абу-Наср, и будто он порхал от радости и сказал: «О Абу-Мухаммад, что тебя держит здесь, когда в твоем доме благо и богатство?!». Я сказал: «Свят Аллах! Откуда, о Абу-Наср?». Он сказал: «Прибыл человек из Харасана и расспрашивал людей о твоем отце или о ком-нибудь из его родных и у него большой груз с благами и богатствами!». И я сказал: «В чем его повесть?». Он сказал: «Он купец из Басры. 30 лет назад твой отец вложил деньги в его торговлю, затем он обанкротился и переехал из Басры в Харасан. Там же торговля его пошла в высь, к нему пришло облегчение после испытания и он снова стал богатым. Вернулся в Басру, захотел освободиться от долга и принес тебе деньги, вложенные твоим отцом и прибыль за 30 лет».

Ахьмад бин Мискийн говорит: «Я восхвалил Аллаха и поблагодарил, отыскал ту нуждающуюся женщину и ее сына, и одарил их богатством. Затем я начал торговлю и пустил часть своего имущества на добро, милостыню, и благотворительность. И имущество мое прибавлялось, а не уменьшалось.

И как будто я начал собой восхищаться, и меня радовало, что я заполнил благими поступками записные книги ангелов, и надеялся, что у Аллаха я вписан в число праведников!

И в одну ночь я уснул. Во сне себя увидел в день воскресения. Я увидел волнение людей, как они вздымаются друг над другом, словно морские волны, увидел увеличенные тела, которые несли на себе свои грехи, грехи превращенные во что-то, и как будто нечестивцы несли на своих спинах целые города. Затем расставили весы и привели меня, дабы взвесить мои деяния. Мои плохие поступки положили в одну чашу, а книги записей моих благих поступков бросили в другую чашу. И книги записей пошли вверх, а плохие поступки вниз. Затем ангелы начали перекладывать в чашу по одному благому поступку, что я совершил!

И под каждым благим поступком была незримая страсть, подобно показухе, самообману и желанию похвалы людей. И не осталось у меня ничего, я был погублен тем, что считал своим доводом. И вдруг я услышал голос: «Разве у него больше ничего не осталось?».

И в ответ было сказано: «Осталось это». Я смотрел, пытаясь увидеть, что же осталось. И вдруг я вижу, это те две лепешки, которые я отдал той женщине и ее ребенку. И я осознал, что пропал. Я жертвовал 100 динаров разом и они не помогли мне, и я потерял всю надежду.

И наконец в чашу положили две лепешки. И вдруг чаша благих деяний немного опустилась и малость перевесила. Затем в чашу положили слезы той женщины, которая плакала из-за доброты, когда я предпочел ее и ее сына своей семье, и чаша благих деяний перевесила и продолжала перевешивать, пока я не услышал голос, что сказал: «Поистине, он спасен».

**ЗИЯРТ СОИП-МУЛЛЫ ГАЙСУМОВА** находится на кладбище города Шали, по дороге в сторону Новых Атагов. Сын известного богослова Гойсума-Муллы. Накшбандия. Крупный ученый-богослов, религиозный и политический деятель. В 1911 году был сослан в Калужскую губернию. Имел богатейшую библиотеку, она была конфискована после его смерти. Был очень влиятельным человеком своего времени, ни одно знаковое событие в Чечне не проходило без его участия. Возглавлял шариатский суд, просуществовавший в Чечне в 1923-1926 годы, организатором которого являлся Шейх Али Митаев (им же до своего ареста – апрель 1924 года осуществлялось финансирование). В 1928 году Соип-Муллы Гайсумова не стало.

***Из книги Хаважи Яндарова***



Лараме газетдешархой! ХІокху газет тІехь язйина АллахІан еза цІерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хІара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

№ 12 (389)

Исламан зIаьнарш

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

## НАХА ХОЬТТУ – ШАЙХ ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

Шен да-нана шен ши бутт кхочуш дIасакъаьстина. Шен да кхин зуда а ялийна, доьзал а болийна ваха хиъна, ша да а, нана а доцуш кхиъна ала мегар ду, цара шен дола ца дина. ХIинца ша воккха ву, хIинца цаьрга хьажар, гергарло лелор тIехь дуй шена боху.

Даккхийчу хаттарех хаттар ду иза. Доьзалшна дукха эшам хуьлу ден-ненан вовшашца барт-уьйр цахилар бахьана долуш. И хиллера аьлла да-нана дIатеттина дита бакъо яц доьзалхочун. Нагахь санна, тохара хилла цатемаш карла а буьйлуш, цо уьш дIатеттина битахь, кхана Дала бекхам оьцур бу цуьнгара. Шена вон диначунна дика де боху Дала, и вон динарг да-нана хилча, муххале а уьш дIататта йиш яц. Мел чIогIа Далла гIуллакх дарх, дай-наний реза ца хилча, вижа каш хир дац. ИбрахIим-пайхамаран (IалайхIи-ссалам) да керста хилла, жаIарш а еш уьш юхкуш хилла цо. Керста дин дIатаса аьлла ИбрахIима (IалайхIи-ссалам) шега дехар дича, да реза ца хилла кIанта бохучунна. Ша аьллачух дена вас хиллий хиъна, хIоккхул тIаьхьа хьуна халахета дош эр ма дац ас аьлла, шен дагахь чIагIо йина ИбрахIима (IалайхIи-ссалам). Дала боху шен Сийлахьчу Къуръана чохь: «Цхьана а стага ойъур бац кхечуьнан къинойн мохь, хIорамма а ша лур ду шен къинойх жоп». Доьзалан дола ца деш шайгара яьллачу ледарлонна жоп дас-нанас лур ду. Нагахь санна шайна ца нисделлачунна дега-ненера жоп деха доьзал хIоттахь, Дела оьгIазгIур ву. Дала лардойла вай Шен оьгIазлонах!

Вашас шен вешин стунйиша ялон мегар дуй?

Дала вайна Къуръана чохь билгалдина вайна мила ялон мегар ду, мила ялон мегар дац аьлла. Нисаъ-сурата чохь дийцина, муьлхачу зударех кхетча ламаз духу. Шех кхетча ламаз духу зуда ялон мегаш ду, оцу тIе доьгIча, вашас вешин стунйиша ялон шариIатехь мегаш ду, амма вайн къоман оьздангаллица догIуш дац иза. Дала хаза гIиллакхаш, хаза оьздангалла, хаза амалш елла вайна. Вайн къоман гIиллакхашца цадогIург вай лелийча, хаза къам долуш схьадаьхкина вай даьржина дIагIур ду. Хьанафи мазхIабехь болчу наха лелош ду и, вайна юкъахь дац, доцуш дика а ду. Ваша велча, цунах йисинарг вашас дола йоккху. И тайпа гергарло долчу хIусамашкахь дукха хилла со дIасавахана волуш. Доьзалан дола до олий, до и цара, шариIатехь магош ду иза, амма вайн къоман гIиллакхца ца догIу. Вайн дайша ларъеш схьаена къоман оьздангалла ларъян декхар ду вай а.

*Сайд-Эмин*

## ДАХАРЕХЬ ЗЕДЕЛЛАРГ

Стага Iовдалниг дийр дац шел хьалха цул Iовдалниг цхьамма дина хиллий бен.

Харц доттагI мостагIчул а кхераме ву.

Кийра буьзна хиларх хуьлуш вац къонах, нагахь цуьнан дош деса делахь.

Воккхачунна хIума дицдалар – сингаттамаш дукха хилар. Жимачунна дицдалар – сингаттам цахилар.

Къамел говза хиларх тоьаш дац, нагахь хIора дешан ша да вацахь.

ХIумма а ца дечуьнгара гIалат ца долу, кхечуьнгара гIалат даьлча, и реза а ца хуьлу.

Оьзда воцчунна оьзда лела хала хир ду.

Шен хьекъале хьаьжжина бен кхечуьнан хьекъал дусталур дац.

Дог-ойла цIена ерг массеран а ву гергара, ткъа дог-ойла вуон йолчо ша санна верг лоху.

Осала стаг юххе витахь – эвхьаза волу, дIахервахь – гамло.

Ша къанваллалц ваха ойла йолуш верг къеначех кхарда ца веза.

Ойла цIена елахь – болар а оьзда хир ду.

Вуон стаг кIоранах тера ву – я вагаво цо, я бехво.

Пайдехь дерг схьаэца хаарал кхетаме ду пайда цахинберг дита хаар.

БIаьрмециг волчо шен хIума нахана кхоадо, шен долуш санна. Ша пайда а ца оьцу и неха долуш санна.

# Лайлат-аль-Кадр – Ночь Предопределения

***«У всего есть своя дверь, дверью к служению Аллаха является пост».*** Хадис

Всемогущий Аллах возвеличил месяц Рамадан Ночью Лайлат-аль-Кадр, то есть Ночью могущества и предопределения. В высокочтимом Коране этой ночи посвящается целая сура «Инна анзална». В ней говорится (смысл): « Я ниспослал Коран в Ночь Могущества и предопределения». И далее, обращаясь к Пророку (мир ему), говорит: «Откуда тебе знать, что такое Ночь Лайлат-аль-Кадр?». И далее поясняет: «Ночь Могущества или Лайлат-аль-Кадр лучше, чем тысячи месяцев». Имеется ввиду обычных месяцев, в которых нет этой ночи, и в конце говорится, что эта ночь длится до рассвета, любое время этой ночи высокочтимо, начиная с сумерек, заканчивая рассветом».

Для того, чтобы понять смысл вышесказанного, думаю, необходимо знать предысторию ниспослания этой суры. Однажды Пророк (мир ему) рассказал об одном из героев рода бану исраилов, по имени Шам ун Гази, который все ночи напролет служил Всевышнему, а днем боролся с неверными в течение 80 лет и которого не могли преодолеть неверующие.

Когда Посланник Аллаха (Да благословит его Аллах и приветствует) закончил свой рассказ, сподвижники Пророка (мир ему) расплакались и пожелали иметь такое же вознаграждение, как за ибадат в течение 1000 месяцев. Они спросили Пророка (Да благословит его Аллах и приветствует): «Как же мы можем достичь этого?». После чего Аллах даровал нам эту ночь-Лайлат-аль-Кадр, и ниспослал суру с разъяснениями этой ночи, служение в которой больше, чем постоянное служение в течение 83 лет.

В эту ночь ангелы, распределяющие и раздающие блага, спускаются на землю, шайтан сковывается цепями и не может вредить никому. В высокочтимом Коране говорится (смысл): «В эту ночь с позволения Всевышнего спускаются на землю ангелы и Джабраил вместе с ними, со всем тем, что предписано Всемогущим, с тем, что должно случиться в течение года, будь то хорошее или плохое. В эту ночь на землю спускается столько ангелов, что брошенная вверх иголка обязательно упадет на их головы. Они просят у Аллаха прощения грехов за всех тех, кто занимается богоугодными делами: молится, читает Коран, делает дуа и т. д.

Когда рассветает, ангел Джабраил зовет ангелов к своим местам, и тогда ангелы обращаются к Джабраилу: «О, Джабраил! Что предпринял Всевышний по поводу нашей мольбы о прощении грехов правоверных?». Джабраил отвечает: «Аллах простил грехи всем уверовавшим, кроме четырех категорий людей:

1) Тем, кто пьянствует;

2) Тем, кто ослушается родителей;

3) Тем, кто разрывает родственные связи;

4) Тем, кто не разговаривает с братом по вере более трех дней».

Если оживленная служением Всевышнему ночь совпадет с ночью Лайлат-аль-Кадр, то вознаграждение не зависит от того, увидим чудесные признаки этой ночи или нет...

Бодрствуя в ночь Лайлат-аль-Кадр, желательно исполнять суннат-намазы. Количество их неограниченно, можно совершать до утра по два ракаата. У кого есть пропущенные намазы, желательно восполнять их.

Алимы говорят, что вознаграждение за совершение утренних и ночных молитв вместе с джамаатами в течение всего месяца. Рамадан также приравнивается служению в ночь Лайлат-аль-Кадр. Опять может возникнуть вопрос: «Почему эту ночь называют ночью предопределения?». Потому что в эту ночь идет распределение благ для всего сущего на земле на период до следующей ночи Лайлат-аль-Кадр, т. е. на год. Могут также задать вопрос по поводу ниспослания Корана в эту ночь: «Как же может быть так, чтобы Коран был ниспослан в одну ночь, когда он по частям передавался Пророку в течение 23-х лет?». Это означает, что Священная книга была ниспослана на нижние небеса с Лавхуль Махфуза, т. е. «хранимых скрижалей», после этого Джабраил, по указанию Всевышнего, довел ее до Пророка (Да благословит его Аллах и приветствует) в течение 23-х лет.

Изречение же «эта ночь дороже 1000 месяцев» означает, что за хорошие деяния, совершенные этой ночью, вознаграждают так, как беспрерывное служение в течение 1000 месяцев или более 83 лет.

В хадисе, переданном от Муслима и Бухари, говорится: «Тот, кто из людей служил на протяжении этой ночи Всевышнему с уверенностью в то, что смоются все его грехи, несомненно будет освобожден от всех совершенных им грехов».

В хадисе, переданном через Муслима и Бухари, говорится: «Мать правоверных, жена Пророка (мир ему) Айша рассказала, что Посланник Аллаха (мир ему) в последние 10 дней Рамадана сворачивал свою постель, клал ее в угол комнаты и служил Всевышнему, в течение всей ночи напролет. После смерти Пророка (мир ему), его жены делали также». Айша также сказала: «Пророк в последние ночи Рамадана не спал и поднимал всех своих близких для богослужения, в эти ночи он был особенно усердным в служении Всевышнему». Каждому из нас желательно провести эту ночь в служении Аллаху, совершая намазы, читая Коран, салават, дуа, вспоминая Пророка (мир ему), обращаясь с мольбой к Всевышнему и т. д.

Если же человек не в состоянии провести всю ночь в богослужении, желательно хоты бы оживить службой последнюю треть ночи.

В какие же числа все-таки наиболее вероятная ночь Лайлат-аль-Кадр? По своему опыту и убеждению знаменитые алимы утверждают, что это одна из десяти последних нечетных ночей месяца Рамадан, т. е. 21, 23, 25, 27, 29. Это находит свое подтверждение в хадисе, переданном Бухари, в котором говорится, что Пророк (мир ему) сказал: «Вы ищите ночь Лайлат-аль-Кадр в нечетных ночах последних десяти дней месяца Рамадана».

Да поможет нам Всевышний провести все ночи в богослужении!

***К печати подготовил Увайс Лорсанукаев***

**Муртазаев Сайдмохьмад**

# Марха дастаран Iийд

АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, Шена муьтIахь берш айбеш, Шена Iеса берш сийсазбеш верг. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, Марханаш кхобучарна ял луш, цакхобучарна таIзар деш верг. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, Сийлалла Делехь а, Цуьнан Элчанехь а (Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна), ийман диллинчу нахехь а ю, сийсазалла шайтIанехь а, цунна тIаьхьабозучу керстачу нахехь а, Iесачу нахехь а, къинош летош болчу зуламхошкахь а ю. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, Мухьаммадан уммат собаре хилла, Далла муьтIахь хилла, Рамадан беттан марханаш кхобуш ду. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, бусалбанаш Къуръан доьшуш, ламазаш деш сахуьленга боввлуш бу. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, ийман диллинарш маьждигаш дузуш, ламазаш деш, Дела хьехош, Цуьнга къинхетам бар доьхуш доIанаш деш, Цо деллачу ниIматашна шукра деш бу. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, бусалбанаш марханаш кхобуш, халонехь болчу шайн вежарийн хьелаш дагалоьцуш бу, къен-мискачу нахана сахь-закат даларца, царна гIодеш бу, самукъане болуш Iийдан-ламазе арабовлуш, Далла хастам беш, вовшийн декъалбеш, йоккха ял хиларца вовшашка кхаьънаш дохуш бу.

АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, бусалба нах марханаш кхобуш, достуш, диканехь совбуьйлуш, Дела резавеш бу.

Аль-Хьамду ЛиллахIи, Далла хастам бу, йолан, а бекхаман а Iийдан де хIоттийна волчу, Шена Iибат деш берш резабеш волчу, къиношна гечдеш, дикачу Iамалшна ял совйоккхуш, бусалбанийн сий деш волчу. Вай Далла хастам бо, Рамадан беттан деношкахь, даар-малар дитина, Шена муьтIахь хила вайна тавфикъ (гIо) даларна. Вай Далла шукра до, таравийхь-ламазаш дарна тIехь, Къуръан дешарна тIехь Цо вайн аьтто барна. Вай Цуьнга, Веза-Сийлахь ву Иза, доьху Шен диканехь Цо вай совдахар, диканан неIарш erриге а Цо вайна еллар, Ша хьехо а, Шена хастам бан а, Шена дика Iибадат дан а Цо вайна гIодар, нийсачу некъа тIехь Цо вай нисдар. Тхо Кхиош-Кхобург, Ахь тхан деггнаш бакъдолчу динах дIа ма хьовзаделахь, Айхьа тхо нисдинчул тIаьхьа, Хьайн гергара къинхетам лолахь тхуна, бакъал а Хьо ма ву Хьайн лешна диканиг деш, диканиг луш. ЦIена ву АллахI, И воцург кхин Дела а вац. Вай дог тешна тоьшалла до АллахI воцург кхин Дела цахиларна, Иза Ша цхьаъ хиллачу хьолехь, Шен цхьа а накъост воцуш. Iийдан дийнахь даар-малар вайна хьаналдина Цо, бусалбане шен дег1аца а, шен доьзалца а комаьрша хила аьлла омра дина, марха кхабар хIокху дийнахь хьарам дина, хьанал долчу хьолах сагIа далар мелехь дина. Иштта вай тоьшалла до, вайн Эла Мухьаммад (Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна) Цуьнан лай а, Элча а хиларна, Цо, Веза-Сийлахь ву Иза, бакъдолу дин кхайкхо а, сийлахь долу гIуллакхаш кхочушдан а халкъе ваийтина волу. Веза Дела, къинхетам бе Ахь, маршонехь сов а ваккха Ахь тхан Эла Мухьаммад, цуьнан доьзал а, асхьабаш а, дика хIума дарца, воніг дитарца царна тIаьхьабозуш берш а. Мила ву дашца дика верг Делан дине нах кхайкхинчул а, дика Iамал йинчул а, жоьжахатех нах ларбеш кхерам тийсинчул а, ялсаманица а, Дала цу чохь кечдинчу ниIматашца а кхаъ баьккхинчул а?!

АллахIу Акбар, АллахIу Акбар, АллахIу Акбар.

ХIай Делан леш! Дала, собаре хилла, марханаш кхаьбначарна, цара йиначу Iамална совбаккхарца мела лун де ду хIара, Шен дуьхьа цара динначунна, Шен лен сий-лерам беш де ду.

Мархийн бутт кхаьбна, сахь-закат даьккхина, Iийданламазе арадевллачу шух, стиглара маликашна хьалха дозалла деш ву Веза-Сийлахь верг. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, ма самукъане бу марханаш кхаьбнарш достучу дийнахь, ма самукъане хир бу нахана кхераме долчу Къематан дийнахь.

Марханаш кхаьбначеран яххьаш Iийдан дийнахь елаелла, екхаелла хир ма ю, Iеса болчу нехан яххьаш кхоьлина хир ма ю. Дала нисвинарг а, Рамадан беттан марханаш дохийнарг а цхьатерра хир ма вац, диканна хьакъ хилла Дала хьалхаваьккхинарг а, Дела реза вина декъалхилларг ву хIара, важа, Далла муьтIахь волчуьра дIа а ваьлла, Делан дозанаш хедош волу зуламхо ву, бакъдерг шена гучудаьлча, цунна инкарло йинарг ву.

Лекха волчу Дала марха дастаран Iийд шарIе диллина ма дац, бусалбанийн шайн Iамалш, марханаш кхочушхиларца самукъадалийтархьама бен, Iийдан-ламаз шарIе диллина ма дац, бусалбанаш Шена хьалха дIахIиттийна, царна ял ялархьама бен. Шена муьтIахь хилларш, цара йиначу кIеззиг йолчу Iамална дуьхьал, Дала йоккха ял лур йолуш ма бу. Динехь нисбеллачу Шен лешца иштта комаьрша ву Веза-Сийлахь верг, цаьргара кIеззиг долчу бахьанин, боккха мохь царна тIера боккхуш. Делан комаьршалла йоккха ю, цуьнан къинхетам дукха бу.

Бусалбанаш хIокху дийнахь баккхийбеш, вовшашка саламаш луш, марабетталуш, шайн дика Iамалш дагалоьцуш, Делера йолчу йоле сатуьйсуш бу. Амма хIокху дийнахь даармалар, керла бедар тIеюхар бен, кхин хIума хууш боцурш, я яхана буьйса а, я тIейогIург ца къаьсташ, динехь марзо йоцурш, царна шаьш лелочух Делера мел хир ма бац, йоккха ял яккха аьтто боллушехь IадIерна уьш дохкобевр ма бу, шаьш-шайх бехкаш дохуш уьш холчахIуьттур ма бу. Къематан дийнахь шайтIано цаьрга эр ду: «Шуна тIехь бакъо йолуш дацара со, шуьга кхайкхар доцург, аша суна жоп делира, хIинца сох бехкаш ма даха, Далла Iеса хиллачу шайн догIмех бехкаш даха».

ХIай бусалба нах, эрна яханчу ханна дохкодовлий, тоба дай, Далла тIедерза, Далла муьтIахь хила, дика Iамалш ян сихо е, шаьш Цунна дуьхьал кхетале.

Цхьаболу нах хуьлу Рамадзан баттахь вон мел дерг дитина, Iеса, фасикъ хилар дитина, Далла муьтIахь хилла марханаш кхобуш, моллалла кхойкхуш хезча, рузбане, жамаIатан -ламазе баха сихо еш, Дела хьехош, Къуръанаш доьшуш. ТIаккха, тIаьхххьара марха чекхдаьлла, Iийдан буьйса тIееача, шайтIанца берта а боьлхий, хьанал-хьарам, цIена-боьха а ца къастош, дихкина мел дерг, вон мел дерг леладо цара. Оцу Делан мостагIчуьнца цхьаьна, кхийолчу ханна, Далла дуьхьал шайн Iесаллица тIом дIахьо цара. Цара деш долу зен Далла деш дац, Веза-Сийлахь верг Шен лешкара цхьана а хIуманан хьашто йолуш вац – шайн догIмашна ду цара деш долу зулам.

Бакълийна Делан Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна): «Рамадан бутт тIебеача, ялсаманийн неIарш схьайоьллу, жоьжахатин неIарш дIакъовлу, шайтIанашна буржалш туху», – бохучу шен дашехь.

И Iеса нах ца хууш бу те шаьш Рамадан баттахь а, Шаввал баттахь а, цул тIаьхьа а Iибадат дийриг цхьа Дела вуй. Даима шайна рицкъа латтош, ниIматаш луш верг цхьа АллахI вуй?

Декъал хир ву-кх, шайтIано бохург ца деш, шен лаамех юхаваьлла, Далла муьтIахь хилларг: «Далла а, Элчанна а муьтIахь хила, Шайна (Делера) Къинхетам хилийтархьма».

*(«Алу-Iимран» сурат; 132-гIа аят)*

ХьаьжцIа ваханчо шен хьаьж санна лардан дезаш ду марха а, ламаз а, сагIа а, Дела цхьаъ хиларх, Элча бакъхиларх деш долу тоьшалла а, муьлхха а ша дина долу дика хIума а. ХIорш дерриге а лардар хIун ду? Шен дикачу Iамална тIаьхьа вон Iамал цаяр ду. Вочу Iамало диканиг дIайоккху. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) вочу хIуманна тIаьхьа и дIадойуш долу дика хIума де аьлла. Дикачунна тIаьхьа вон дерг дар хьекъале дац. Дика Iамал къобал хиларан билгало ю цул тIаьхьа а дика хIума дар.

ХIай бусалба, хьан марха стигална а, лаьттана а юкъахь, Дала къобал ца деш кхозуш ду хьуна, къен-миска нахана ахь сахь-закат дIадаллалц. Хьайгахь долчу ялтех, дикачух ахь сахь даьккхича, Дала къобалдийр ду иза.

ХIокху Iийдан дийнахь, Далла дуьхьал хIуттуш бедарех цIенаниг, керланиг тIеюьйхича мелехь ду, божарша дарийн а дешийн а хIума ца юьйхичахьана, духарца а, леларца а божарий зударех, зударий божарех тар а ца белчахьана. Вовшийн самукъадаккха а мегар ду, динах а, гIиллакхах а ца воьхчахьана. Дагца а, маттаца а, дикачу Iамалшца а Дела хьехор мелехь ду, вовшашна а, меттахь бисинчу баккхийчарна а, цомгаш болчарна а, заьIапхошна а зераташ дар мелехь ду. Iеса хилар а, моттаргIанаш а, мостагIалла а дитар мелехь ду. Делах кхийрина, гечдеш, къинтIераволуш хиллачу Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) масал эцна, вовшашна къинтIерадовлар мелехь ду.

Динехь а, дуьненахь а, эхартахь а бусалбанашна маршо йоьхуш, церан барт хилар доьхуш, хьалха дIабаханчу вайн бусалба вежаршна гечдар доьхуш, Деле доIанаш дар мелехь ду. Бусалба динехь вай нисдарна Далла шукра дар, хастам бар, Цуьнан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Деле къинхетам бар доьхуш, иза маршонехь соввакххар доьхуш, салаваташ дахкар мелехь ду.

АллахIумма салли Iала Мухьаммадин ва Iала али Мухьаммадин ва саллим. Амийн, Валь-хьамду лиллахIи РаббилIаламийн.

№ 12 (389)
Исламан зIаьнарш



**Недавно я схоронил супругу, с которой мы прожили в мире и согласии долгие годы. Дети мои и знакомые советуют мне не оставаться на ночь дома одному. Правы ли они?**

В одном из хадисов Пророка Аллаха (мир ему) сказано: «Не следует одному ночевать дома, так и нельзя пускаться в дальнюю дорогу в одиночестве».

Известны также слова Посланника Аллаха (мир ему) о том, что «если бы вы ведали все, что мне известно, то никто бы из вас не решился собраться на ночь глядя в долгий путь». Когда человек остается в одиночестве, он может испугаться или растеряться перед какой-либо опасностью. Особенно этому подвержены люди пожилого возраста, женщины, а также дети. Потому что именно эти категории населения нуждаются в защите и опеке. Именно об этом наиболее красноречиво говорится в суре «аль-Фаляк» («Рассвет»): «Прибегаю к защите Господа рассвета от зла того, что Он сотворил, от зла мрака, когда он наступает, от зла колдуний, поплевывающих на узлы, от зла завистника, когда он завидует». Не следует оставлять на ночь в одиночестве несовершеннолетнего ребенка и немощного старика. Так как их могут напугать посторонние, а от испуга может пошатнуться их здоровье.

***Габдулхак хазрат Саматов. «Шариат: ва'азы, хукмы, фетвы, ответы на вопросы и рекомендации»***

ПАРЗАШ А, СУННАТАШ А

**Муртазаев Сайдмохьмад**

# ІИЙДАН ДИЙНАХЬ СУННАТ ДЕРШ

### ІИЙДАН-ЛАМАЗ

Іийдан-ламаз дар чIагIдина суннат ду. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цкъа даза дитина дац иза, цул тIаьхьа цуьнан асхьабаша а (Дела реза хуьлда царна) даима деш лелийна ду.

### ТАКБИЙР ДАР (АЛЛАХIУ АКБАР АЛАР)

Іийдан буьйсанна, малх чубуьзначул тIаьхьа, Іийдан дийнахь имама ламаз дехккалц, цIахь а, некъашкахь а, маьждигашкахь а, базаршкахь а динан Iадат гучудоккхуш, аз айдеш «АллахIу Акбар…» бохуш такбийр дар мелехь ду.

Цуьнан юьззина кеп хIара ю: «АллахIу Акбару, АллахIу Акбару, АллахIу Акбару, ла илахIа илл-АллахIу в-АллахIу Акбару, АллахIу Акбару ва ЛиллахIиль-хьамду».

КхоалгIа «АллахIу Акбару» аьллачул тIаьхьа «Кабийран валь-хьамду ЛиллахIи касийран ва СубхьаналлахIи букратан ва асылан» юкъадалорца такбийр совдаккхар дика лерина ду.

### ЛИЙЧАР

Іийдан буьйса шолгIачу декъе яханчул тIаьхьа лийчар. Цул хьалха лийчар Іийдан ларалуш дац.

Цул сов, рузбанан-ламазана кечваларе терра, хаза хьожа йолу хIума (миск, масала) хьаккхар, керла я цIена бедар юхар. Бедарех гIоле ерг кIайчу басахь ерг ю.

### НАХ МАЬЖДИГЕ ХЬАЛХХЕ ДІАБАХАР

Езачу меттигехь Дела хьехоран мел алсам хилийта, хьалххе маьждиге дIавахар дика ду.

Иштта имамана мелехь ду, хьашто йолчарна саьхьаш дIакхачо нахана аьтто хилийта, Іийдан-ламаз дехкар тIаьхьаттатар. ГIурбанан-Іийда делахь, г1урбанан дийнан сагIа даккхарна сихо хилийта, ламаз хьалхадаккхар.

### РИЦКЪАНАХ КХЕТАР

Іийдан-ламазе вахале цкъа хIума кхаьллина, я хин къурд бина, рицкъанах кхетар мелехь ду. ГIурбанан-Іийда делахь, ламазера юхаверззалц юучух цакхетар мелехь ду.

### ІИЙДАН-ЛАМАЗЕ ВОЬДУШ, ЦИГАРА ВОГІУШ, НЕКЪ ХИЙЦАР

Іийдан-ламазе цхьана новкъа вахар, юхавогIуш кхечу новкъа вар мелехь ду. Бухарис (Дела реза хуьлда цунна) дийцинчу хьадисехь хьахийна ду Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) Іийдан дийнахь некъ хийцина хилар. Мел совбаккхар ду цуьнан маьIна. И некъаш Къематан дийнахь теш хIуьттур ду аьлла жайнахь. Рузбане воьдуш санна гIаш а, сих ца луш, паргIат а вахар ду мелехь.

Иштта Іийдан гIиллакхех ду буо-берашна а, заьIапчу нахана а, цомгашчарна а, церан доладеш болчарна а гIодар, сагIа далар, деца-ненаца а, доьзалшца а комаьрша хилар. Дагца а, маттаца а Дела хьехор, Къуръан дешар, Делан Элчанна салаваташ дахкар (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), шайна юкъахь салам даржор, вовшийн декъалдар, Дала марханаш къобал дойла алар. Динах а, гIиллакхах а ца вухуш, самукъадакха а, забар ян а мегар ду. ХIора къоман шен Іийд (дезде) ду, хIара вайн бусалбанийн Іийд ду. Везачу Дала бусалбанаш декъал бойла оцу дезчу дийнахь!

# ІИЙДАН-ЛАМАЗ ДАРАН КЕП

БИСМИЛЛАХIИРРАХЬМАНИРРАХЬИЙМ

Рамазан беттан фарз-марханаш чекхдевлча, Шавваль беттан хьалхарниг ду Іийдан де.

Шен доьккхуш фарз я Шавваль беттан ялх марха кхаба лууччо, Іийдан де дIадалийтина долор ду уьш.

Іийдан-ламазан хан дIахIутту малх ана тIехула гучубаьллачул тIаьхьа 20-30 минот яьлча, тIаккха цуьнан хан делкъа-ламазан хан хиллалц ерг ю.

Іийдан-ламазал хьалха а, цул тIаьхьа а деш цхьа а ламаз дац, я моллалла кхайккар а, я къамат дар а дац. Имама шен къираат (дешар) гучу а доккху цу Іийдан-ламазехь.

Бусалба, Шаввал беттан хьалхарчу дийнахь шен Іуьйра-ламаз дина, лийчина а волуш, рузбанан-ламазе воьдуш кечваларе терра, хаза хьожа йолу хIума а тоьхна, керла я цIена бедар юьйхина, маьждиге ваха аравер ву, масех хурма бен яцахь а, хIума кхаьллина а волуш. ХIорш дерриге а Элчанан (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) суннатех ду.

ТIаккха маьждига чохь Къуръан дешаре ладугIуш я ша доьшуш Іийр ву малх схьакхетталц йолчу хенахь. Малх гучубаьллачул тIаьхьа, сахьтан кхоалгIа дакъа дIадаьлча, масала, малх бIаьргана гуш айбелла хир бу. Циггахь дIайолало Іийдан-ламазан хан.

ТIаккха имама, хьалха а ваьлла, нахе хIара беркате ламаз дойтур ду. Имамана мелехь ду ламаз дехкале, и муха дан деза нахе дийцар. Дукха нах хуьлу, иза муха до ца хууш, хатта эхь хеташ, кхачам боллуш ца деш.

Нах могIаршкахь дIахIуьттур бу, могIарш нисдар мелехь ду царна. Цул тIаьхьа имама нийят дина: ас нийят ди марха дастаран Іийдан ши ракъаIат суннат-ламаз имам хиллачу хьолехь Далла дан аьлла, тIаккха, АллахIу Акбар аьлла, ламаз доьхкур ду, цунна тIаьххье наха а доьхкур ду, имама санна, имам хиллачу хьолехь ца олуш, имамана тIаьхьахIоьттина эр ду цара, тIаккха массара а къайлах «дуIауль-истифтахь» доIа доьшур ду, (важжахIту важхIия) аьлла долалуш дерг ду иза. Суннат ду и до1а ламазехь дешар.

Цул тIаьхьа имама, ша ламаз доьхкуш аьлларг доцург, кхин а ворхI «АллахIу Акбар» эр ду, жамаIато а цунна тIаьххье иштта эр ду. ХIора такбийрехь (АллахIу Акбар аларехь) имама ламаз доьхкуш айдарх терра ши куьг, шен лергашна дуьхьал нисдеш, хьалаойбур ду, цул тIаьхьа, аьтту куьг тIехула а долуш, куьйгаш некха тIе дохкур ду, цо дийриг тIаьхьахIиттинчара а дийр ду. ТIаккха цара массара а хIора такбийрана а, цунна тIаьхьадогIучунна а юккъехь, меллаша (Субхьан-АллахIи, валь-хьамду ЛиллахIи, ва ла илахIа илл-АллахIу, в-АллахIу Акбар) эр ду.

Ламаз доьхкуш аьлларг доцург, цул тIаьхьа аьлларш, дерриге а ворхI такбийр хила деза, хIорш дерриге а фатихьат дешарал хьалха олуш ду.

Цул тIаьхьа хезаш фатихьат доьшур ду, фатихьатал тIаьхьа (Саббихьисма Раббикаль-аIла) сурат дешар мелехь ду, 87-гIаниг ду и, и доцург кхиниг деша а мегар ду.

Цул тIаьхьа рукуI, ши сужуд дийр ду кхечу ламазашкахь даре терра, тIаккха шолгIачу ракаIатна хьалагIоттур ву, ирахIуттуш аьлларг доцург, шолгIа фатихьат дешале, кхин а пхи такбийр эр ду, хIора такбийрана а, цул тIаьхьадогIучунна а юккъехь, хьалха санна меллаша (Субхьан-АллахIи, Валь-хьамду ЛиллахIи, ва ла илахIа илл-АллахIу, в-АллахIу Акбар) олуш. ТIаккха фатихьатал тIаьхьа (ХIаль атака хьадисуль-гIашияхI сурат) дешар мелехь ду, чекхдаллалц, 88-гIа сурат ду иза, и доцург деша а мегар ду, цул тIаьхьа рукуI, ши сужуд дина, охьахиъна, (Аттахьийяту) доьшур ду.

ТIаккха, салам делла, ламаз дерзор ду. Цул тIаьхьа имама а, жамаIато а (АллахIа Акбару, АллахIу Акбару, АллахIу Акбару, ла илахIа в-АллахIу Акбару, АллахIу Акбару ва ЛиллахIиль-хьамду) эр ду, иштта хIокху такбийраташца ламаз чекхдоккхур ду.

Цул тIаьхьа хатыб (хьехамча) хутIба деша минбар тIе хьалавер ву. Беркате долчу Іийдан маьIнах дерг дуьйцур ду цо: бусалбанаш хIокху дезачу дийнахь вовшашна къинтIерабовлуш, зераташ деш, гIийла, къен-мискачарна гIо деш, Далла муьтIахь болуш, дика Iамалш еш хила безаш хиларх эр ду, Iеса хилар, моттаргIанаш лелор, вовшашца мостагIалла лелор дита дезаш хиларх эр ду, ийман диллинарш вежарий хиларх, бертахь баха безаш хиларх эр ду. Иштта ю Исламан лаккхара Iалашонаш, иштта ду бусалба нехан хаза гIиллакхаш.

ХутIба чекхдаьлча, имама а, хатыба а, кхиболчу наха а вовшийн куьг лацарца саламаш лур ду, дезачу денца вовшийн декъал бийр бу.

Дала бусалба нехан дуьне а, эхарт а тодойла!

Амийн Валь-хьамду ЛиллахIи Раббиль-Iаламийн.

# МАРХА ДАСТАРАН ЗАКАТ (фарз-сахь)

Саьхьаш дахар фарз хилар Бухарис а, Муслима а дийцинчу Элчанан (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) бакъдолчу хьадисехь билгалдина ду.

Марханаш кхаьбначунна, цо мархийн баттахь аьлла хила тарлучу оьзда доцчу дешнех а, цуьнгара девллачу пайдехь мел доцчу хIуманех а цIанвалар хилийта, къен-миска нахана гIо хилийта, шарIе далийна ду сахь даккхар.

И сахь марханаш кхабарца доьзна долу дела, бусалбано кхаьбна долу марханаш стигалний, лаьтташний юкъахь кхозуш хир ду, Далла тIеккхача йиш йоцуш, сахь даккхалц. ТIаккха, цо сахь дIаделча, Далла тIе дIагIур ду марханаш. Делан Iарша кIелахь (шаьш кхаьбна волу) шайн да схьаваре хьоьжуш Іийр ду.

Делан пурбанца, Къематан дийнахь, ша кхаьбначунна шафаIат деш (цунна Деле гечдар доьхуш) хир бу мархийн бутт – Рамадан.

### САЬХЬАШ ДОХУ ХАН

Саьхьаш Іийдан дийнахь Іуьйра-ламаз диначул тIаьхьа, Іийдан-ламазна нах арабовлале дIададалар сийлахь ду.

### ЯЛТА А, ЦУЬНАН БАРАМ А

Саьхьаш шен махкахь алсам дууш долчу ялтех даха деза. Вайн махкахь алсам дууш дерг кIа ду.

Дукха доккха а, я жима а доцуш гIеххьа куьг долчу стага шина куьйга схьаэцна йолу кIен йиъ кана бу цуьнан барам.

Терзанан бараме диллича, герггарчу хьесапехь 2 килий 400 граммий кIа ду иза. ПхьегIийн чухоам лерича кхо литр ю. ХIокху вай хьахийначу барамал кIезиг даккха мегар дац сахь, совваьллачунна мел алсам хир бу, Дала мукъалахь. И Дела Ша комаьрша ву, комаьрша верг везаш ву.

Вайн (имам ШафиIин) мазхIабехь ялтица бен сахь даккха мегаш дац. Ялтица даккха аьтто боцучо имам-Абу-Хьанифатан мазхIабна тIетевжина, саьхьан мах бала мегар ду, цо ахчанца сахь даккхар магийна.

### САЬХЬАШ ДАХА ДЕКХАРИЙЛАХЬ ВЕРГ

Шена а, ша кхобуш болчарна а, Іийдан денна а, Іийдан буьйсанна а напха охьадиллинчул тIаьхьа, совдолуш рицкъа долчо саьхьаш даха деза, цунна тIехь фарз ду уьш дахар.

### ХЬАННА ТIЕРА ДАККХА ДЕЗА САХЬ

Шена а, ша уьш напха латтош кхаба декхарийлахь волчу дений-нанний, доьзалшний, зудчунний тIера даха деза саьхьаш.

Шен рицкъа лаха ницкъ болчу, пхийттара ваьллачу доьзалхочунна тIера а, я ша кхаба декхарийлахь воцчу гергарчунна тIера а сахь даккхар важиб (декхар) дац. Царна тIера церан пурбанций, церан вакалатций (тIедиллар) доккхур ду сахь.

Іийдан буьйса (маьркIажа хан) тIекхачале кхелхинчунна тIера сахь даккхар важиб (декхар) дац, амма маьркIажа хан хилале дуьненчу даьллачу берана тIера сахь даккхар важиб ду.

### САЬХЬАШ ХЬАННА КХАЧАДО

Шайна саьхьаш дала догIуш Къуръанан 9-чу суратан 60-чу аятехь Делан дашехь хьахийна йолу бархI тоба ю. Царна юкъахь а уггаре а хьалхарнаш, оцу саьхьашка хьашто йолу, уьш схьаэца резахилла Iаш болу къен-миска нах бу. Дукхахьолахь, шайн кхачам боллуш верасалла дан стаг воцу буо-бераш а, заьIапхой а, цомгашнаш а хуьлу къен-миска.

Къен-миска нахах, ша уьш кхаба декхар боцучех, шен гергарчу нахана а, лулахошна а хьалха делча мелехь ду сахь.

### САХЬ ДАККХАРАН НИЙЯТ

«Ас нийят ди марха дастаран Іийдан фарз-сахь хIокхунна я оцунна тIера Делан дуьхьа даккха».

Везачу Дала бусалбанийн марханаш а, сахь-закат а къобал дойла!

# 1АЬРБИЙН ХЬЕКЪАЛЕРА

Дас-нанас шаьшшиннан дегI хIаллакдо доьзалхо кхиош – цо цушиннан комаьршо йицйо.

Дагахь латтаделахь!

Хьан хенах хан совъяьлла яц хьуна, цушиннан хенах изза хан эшний бен.

Хьо къоналле кхаьчна вац хьуна, цушиннан къоналла дIаяьллий бен. Хьайгарчу нуьцкъалалле хьо кхаьчна вац хьуна, цушинга заьIапалла кхаьчний бен.

Хьо стаг хилла дIахIоьттича, хьоьгара цушинна бекхам хили дIатасар а, хама цабар а?!

Цушимма шена диначу диканна инкарло йо.

Боккъал а, адамо жIаьла кхиадо-кх – и цунна тешаме хуьлу. Вир а кхиайо – цо цунна цIингаш ца кхуьссу, цицигна яахIума ло – цо цунна цергаш ца юкху. Нахах букх лоьмашца а, цIоькъалоьмашца а, кхечу акхароща а уьйр тосуш берш, акхароша шайца уьйр лоцуш, тIетевжаш, баркаллица куьйгашна мотт хьокхуш…

Ма тамашийна хIума ду-кх жIаьла а, вир а, цициг а, цIоькъалом а адамал а тешаме хилар!

Да-нана долчунна, боккъал а, ялсаманин неI йиллина ю.

Мила ву тIаккха уллохула а ваьлла воьдург, ялсаманин неI йиллина а йолуш, цу чу ца воьдуш?!

(Iалий ТIантIавийн "Дагалецамаш" жайни юкъара)

Со цкъа а ца кхийрина, цхьана дийнахь а Іилма Iамийнчу стагах. Боккъал а, со ларвелла хIокху сонтачех: уьш бу масех жайна дешначул тIаьхьа шаьш Iелимнах хеташ берш. (Халиф Iабдул Хьамийд Сани)

***Iаьрбийн маттера гочдинарг – Денилханов Сулиман***

# КЪОБАЛДЕ МАРХАНАШ

Беттанашкахь вайн Дала массарал базбина,

1аламца, беркатца массарал хазбина,

Чекхбели мархийн бутт,
вай парг1ат ша дохуш,

Къобалде марханаш, доггаха вай бохуш.

Къобалде марханаш беркат-хьал совдуьйлуш,

Арарниш, чоьхьарниш ийманца совбуьйлуш,

Къобалде марханаш кхин цкъа а т1ом ца гуш,

Къобалде марханаш дархошна дарба луш.

Г1ийланиг, мисканиг вукхаьрца д1анисвеш,

Да воцуш виснариг ненах ца хьегавеш,

Къобалде марханаш, вай къинойх д1ац1андеш,

Къобалде марханаш вайн кхалхар атта деш.

Къобалде марханаш Къемат де даллалц,

Къемат де т1екхаьчча, вай декъал хиллалц,

Къобалде марханаш, къобалде марханаш,

Къобалде марханаш, вай декъал хиллалц!

***Зубайраев Хьамзат***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# ЛАМАЗАН ХЕНАШ

## Июль

| денош | фаджр | Iаср | магриб | Iишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 02:34 | 16:15 | 19:46 | 21:36 |
| 2 | 02:35 | 16:15 | 19:46 | 21:35 |
| 3 | 02:36 | 16:15 | 19:46 | 21:35 |
| 4 | 02:37 | 16:15 | 19:46 | 21:34 |
| 5 | 02:38 | 16:15 | 19:45 | 21:33 |
| 6 | 02:39 | 16:15 | 19:45 | 21:33 |
| 7 | 02:40 | 16:15 | 19:45 | 21:32 |
| 8 | 02:41 | 16:15 | 19:44 | 21:31 |
| 9 | 02:42 | 16:15 | 19:44 | 21:30 |
| 10 | 02:43 | 16:15 | 19:43 | 21:30 |
| 11 | 02:45 | 16:15 | 19:43 | 21:29 |
| 12 | 02:46 | 16:15 | 19:42 | 21:28 |
| 13 | 02:47 | 16:15 | 19:42 | 21:27 |
| 14 | 02:48 | 16:15 | 19:40 | 21:26 |
| 15 | 02:51 | 16:15 | 19:40 | 21:24 |
| 16 | 02:51 | 16:15 | 19:39 | 21:23 |
| 17 | 02:52 | 16:15 | 19:39 | 21:22 |
| 18 | 02:54 | 16:14 | 19:38 | 21:21 |
| 19 | 02:55 | 16:13 | 19:37 | 21:20 |
| 20 | 02:57 | 16:13 | 19:37 | 21:18 |
| 21 | 02:58 | 16:13 | 19:36 | 21:17 |
| 22 | 03:00 | 16:13 | 19:35 | 21:15 |
| 23 | 03:01 | 16:12 | 19:34 | 21:15 |
| 24 | 03:03 | 16:11 | 19:33 | 21:13 |
| 25 | 03:04 | 16:11 | 19:32 | 21:11 |
| 26 | 03:06 | 16:10 | 19:31 | 21:10 |
| 27 | 03:07 | 16:09 | 19:30 | 21:08 |
| 28 | 03:09 | 16:08 | 19:29 | 21:06 |
| 29 | 03:10 | 16:08 | 19:28 | 21:05 |
| 30 | 03:12 | 16:08 | 19:27 | 21:03 |
| 31 | 03:13 | 16:08 | 19:26 | 21:02 |

## Август

| денош | фаджр | Iаср | магриб | Iишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 03:15 | 16:08 | 19:24 | 21:00 |
| 2 | 03:17 | 16:07 | 19:23 | 20:58 |
| 3 | 03:18 | 16:06 | 19:22 | 20:56 |
| 4 | 03:20 | 16:05 | 19:21 | 20:55 |
| 5 | 03:21 | 16:05 | 19:19 | 20:53 |
| 6 | 03:23 | 16:04 | 19:18 | 20:51 |
| 7 | 03:23 | 16:04 | 19:17 | 20:51 |
| 8 | 03:25 | 16:03 | 19:15 | 20:47 |
| 9 | 03:27 | 16:02 | 19:14 | 20:46 |
| 10 | 03:29 | 16:01 | 19:12 | 20:44 |
| 11 | 03:31 | 16:01 | 19:11 | 20:42 |
| 12 | 03:32 | 16:00 | 19:10 | 20:40 |
| 13 | 03:34 | 15:59 | 19:08 | 20:38 |
| 14 | 03:35 | 15:59 | 19:07 | 20:36 |
| 15 | 03:37 | 15:58 | 19:05 | 20:34 |
| 16 | 03:39 | 15:57 | 19:04 | 20:32 |
| 17 | 03:40 | 15:57 | 19:02 | 20:30 |
| 18 | 03:42 | 15:56 | 19:00 | 21:29 |
| 19 | 03:43 | 15:55 | 18:59 | 20:27 |
| 20 | 03:45 | 15:54 | 18:57 | 20:25 |
| 21 | 03:46 | 15:53 | 18:56 | 20:24 |
| 22 | 03:48 | 15:52 | 18:54 | 20:22 |
| 23 | 03:49 | 15:52 | 18:52 | 20:21 |
| 24 | 03:51 | 15:51 | 18:51 | 20:19 |
| 25 | 03:52 | 15:50 | 18:49 | 20:17 |
| 26 | 03:54 | 15:49 | 18:48 | 20:16 |
| 27 | 03:55 | 15:48 | 18:46 | 20:14 |
| 28 | 03:56 | 15:47 | 18:44 | 20:12 |
| 29 | 03:58 | 15:46 | 18:42 | 20:11 |
| 30 | 03:59 | 15:45 | 18:41 | 20:09 |
| 31 | 04:00 | 15:44 | 18:39 | 20:07 |

## Сентябрь

| денош | фаджр | Iаср | магриб | Iишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 04:02 | 15:45 | 18:37 | 20:06 |
| 2 | 04:04 | 15:44 | 18:36 | 20:04 |
| 3 | 04:05 | 15:44 | 18:34 | 20:02 |
| 4 | 04:06 | 15:43 | 18:32 | 20:00 |
| 5 | 04:07 | 15:42 | 18:30 | 19:59 |
| 6 | 04:09 | 15:41 | 18:28 | 19:57 |
| 7 | 04:10 | 15:41 | 18:27 | 19:55 |
| 8 | 04:12 | 15:40 | 18:25 | 19:53 |
| 9 | 04:13 | 15:39 | 18:23 | 19:52 |
| 10 | 04:14 | 15:38 | 18:21 | 19:50 |
| 11 | 04:16 | 15:37 | 18:19 | 19:48 |
| 12 | 04:17 | 15:37 | 18:18 | 19:46 |
| 13 | 04:18 | 15:36 | 18:16 | 19:44 |
| 14 | 04:20 | 15:35 | 18:14 | 19:43 |
| 15 | 04:21 | 15:34 | 18:12 | 19:41 |
| 16 | 04:22 | 15:33 | 18:10 | 19:39 |
| 17 | 04:23 | 15:32 | 18:08 | 19:37 |
| 18 | 04:25 | 15:32 | 18:06 | 19:35 |
| 19 | 04:26 | 15:32 | 18:05 | 19:34 |
| 20 | 04:26 | 15:31 | 18:03 | 19:32 |
| 21 | 04:28 | 15:30 | 18:01 | 19:30 |
| 22 | 04:30 | 15:29 | 17:59 | 19:28 |
| 23 | 04:31 | 15:28 | 17:57 | 19:26 |
| 24 | 04:32 | 15:27 | 17:55 | 19:24 |
| 25 | 04:33 | 15:25 | 17:54 | 19:23 |
| 26 | 04:34 | 15:24 | 17:52 | 19:21 |
| 27 | 04:35 | 15:22 | 17:50 | 19:19 |
| 28 | 04:36 | 15:21 | 17:48 | 19:17 |
| 29 | 04:37 | 15:20 | 17:46 | 19:15 |
| 30 | 04:38 | 15:19 | 17:45 | 19:14 |

## Октябрь

| денош | фаджр | Iаср | магриб | Iишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 04:40 | 15:18 | 17:43 | 19:12 |
| 2 | 04:41 | 15:18 | 17:41 | 19:10 |
| 3 | 04:42 | 15:17 | 17:39 | 19:08 |
| 4 | 04:43 | 15:16 | 17:37 | 19:07 |
| 5 | 04:44 | 15:14 | 17:36 | 19:05 |
| 6 | 04:45 | 15:13 | 17:34 | 19:03 |
| 7 | 04:46 | 15:12 | 17:32 | 19:01 |
| 8 | 04:47 | 15:11 | 17:30 | 19:00 |
| 9 | 04:48 | 15:10 | 17:28 | 18:58 |
| 10 | 04:50 | 15:09 | 17:27 | 18:56 |
| 11 | 04:51 | 15:08 | 17:25 | 18:54 |
| 12 | 04:52 | 15:07 | 17:23 | 18:53 |
| 13 | 04:59 | 15:29 | 18:04 | 19:31 |
| 14 | 04:53 | 15:06 | 17:21 | 18:51 |
| 15 | 04:56 | 15:05 | 17:18 | 18:48 |
| 16 | 04:57 | 15:04 | 17:16 | 18:46 |
| 17 | 04:58 | 15:03 | 17:15 | 18:44 |
| 18 | 04:59 | 15:02 | 17:13 | 18:43 |
| 19 | 05:01 | 15:01 | 17:11 | 18:41 |
| 20 | 05:02 | 15:00 | 17:10 | 18:40 |
| 21 | 05:03 | 14:58 | 17:08 | 18:38 |
| 22 | 05:04 | 14:57 | 17:07 | 18:36 |
| 23 | 05:05 | 14:56 | 17:05 | 18:33 |
| 24 | 05:07 | 14:55 | 17:03 | 19:44 |
| 25 | 05:08 | 14:54 | 17:02 | 18:32 |
| 26 | 05:09 | 14:53 | 17:00 | 18:30 |
| 27 | 05:10 | 14:52 | 16:59 | 18:29 |
| 28 | 05:11 | 14:50 | 16:58 | 18:27 |
| 29 | 05:12 | 14:49 | 16:56 | 18:26 |
| 30 | 05:14 | 14:48 | 16:55 | 18:25 |
| 31 | 05:15 | 14:47 | 16:54 | 18:23 |

## Ноябрь

| денош | фаджр | Iаср | магриб | Iишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 05:16 | 14:46 | 16:52 | 18:22 |
| 2 | 05:17 | 14:45 | 16:51 | 18:20 |
| 3 | 05:18 | 14:44 | 16:49 | 18:19 |
| 4 | 05:20 | 14:44 | 16:48 | 18:18 |
| 5 | 05:23 | 14:43 | 16:46 | 18:15 |
| 6 | 05:24 | 14:43 | 16:44 | 18:14 |
| 7 | 05:24 | 14:43 | 16:44 | 18:14 |
| 8 | 05:25 | 14:42 | 16:43 | 18:13 |
| 9 | 05:26 | 14:42 | 16:42 | 18:12 |
| 10 | 05:27 | 14:41 | 16:41 | 18:11 |
| 11 | 05:28 | 14:41 | 16:40 | 18:10 |
| 12 | 05:29 | 14:40 | 16:39 | 18:09 |
| 13 | 05:30 | 14:40 | 16:38 | 18:08 |
| 14 | 05:31 | 14:39 | 16:37 | 18:07 |
| 15 | 05:32 | 14:39 | 16:36 | 18:06 |
| 16 | 05:34 | 14:38 | 16:35 | 18:05 |
| 17 | 05:35 | 14:38 | 16:34 | 18:04 |
| 18 | 05:36 | 14:37 | 16:33 | 18:03 |
| 19 | 05:37 | 14:37 | 16:32 | 18:02 |
| 20 | 05:38 | 14:36 | 16:32 | 18:01 |
| 21 | 05:39 | 14:36 | 16:31 | 18:00 |
| 22 | 05:40 | 14:35 | 16:30 | 18:00 |
| 23 | 05:41 | 14:35 | 16:30 | 17:59 |
| 24 | 05:42 | 14:34 | 16:29 | 17:58 |
| 25 | 05:43 | 14:34 | 16:28 | 17:58 |
| 26 | 05:44 | 14:33 | 16:28 | 17:57 |
| 27 | 05:45 | 14:33 | 16:27 | 17:57 |
| 28 | 05:46 | 14:32 | 16:27 | 17:56 |
| 29 | 05:47 | 14:31 | 16:26 | 17:56 |
| 30 | 05:48 | 14:30 | 16:26 | 17:55 |

## Декабрь

| денош | фаджр | Iаср | Магриб | Iишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 05:49 | 14:29 | 16:25 | 17:55 |
| 2 | 05:50 | 14:29 | 16:25 | 17:54 |
| 3 | 05:51 | 14:29 | 16:25 | 17:54 |
| 4 | 05:52 | 14:28 | 16:25 | 17:54 |
| 5 | 05:53 | 14:28 | 16:24 | 17:54 |
| 6 | 05:54 | 14:28 | 16:24 | 17:53 |
| 7 | 05:55 | 14:27 | 16:24 | 17:53 |
| 8 | 05:56 | 14:27 | 16:24 | 17:53 |
| 9 | 05:57 | 14:27 | 16:24 | 17:53 |
| 10 | 05:57 | 14:26 | 16:24 | 17:53 |
| 11 | 05:58 | 14:26 | 16:24 | 17:53 |
| 12 | 05:59 | 14:26 | 16:24 | 17:53 |
| 13 | 06:00 | 14:25 | 16:24 | 17:53 |
| 14 | 06:00 | 14:25 | 16:24 | 17:54 |
| 15 | 06:01 | 14:24 | 16:25 | 17:54 |
| 16 | 06:02 | 14:24 | 16:25 | 17:54 |
| 17 | 06:02 | 14:24 | 16:25 | 17:54 |
| 18 | 06:03 | 14:24 | 16:25 | 17:54 |
| 19 | 06:03 | 14:23 | 16:26 | 17:55 |
| 20 | 06:04 | 14:23 | 16:26 | 17:56 |
| 21 | 06:05 | 14:23 | 16:27 | 17:56 |
| 22 | 06:05 | 14:22 | 16:27 | 17:56 |
| 23 | 06:05 | 14:22 | 16:28 | 17:57 |
| 24 | 06:06 | 14:22 | 16:29 | 17:58 |
| 25 | 06:06 | 14:20 | 16:29 | 17:58 |
| 26 | 06:07 | 14:20 | 16:29 | 17:58 |
| 27 | 06:07 | 14:20 | 16:30 | 17:59 |
| 28 | 06:07 | 14:20 | 16:31 | 18:00 |
| 29 | 06:08 | 14:20 | 16:32 | 18:00 |
| 30 | 06:08 | 14:20 | 16:32 | 18:01 |
| 31 | 06:08 | 14:20 | 16:33 | 18:02 |

**Лараме газетдешархой, дIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928**

Исламан зIаьнарш
ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»

Газетан бух биллинарг
Заурбеков МасIуд

Коьрта редактор
Заурбеков М.М.

**Газет диллинарг/арахоьцург:**
НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364060,
ЧР,Соьлжа-Гlала, Дудаевн цlарах бульвар,радион Цlа
**Редакцин адрес:** 364014,
Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
**Телефон:** 8-928-088-85-50
**Тхан интернет-почта:** zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: **54 928**

Газетан верас
Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа

Газетна регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин Нохчийн Республикехула йолчу федеральни службехь 2015-чу шеран I-чу декабрехь
**Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла**
ПИ № ТУ 20-00II0

**Редакцин кхеташо:**
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
П. Петирова, Л. Арсалиева

Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова

Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 21.06.2017 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 21.06.2017 шо. 16:00
**Заказ №**
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35
**БИННА МАХ**